saytaane day fas ci ginnaaw boppu kenn ci yéen bu dee nelaw ñatti fas, genn fas-fas gu nekk day waral ci yaw guddi gu gudd, mu naan nelawal

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: "saytaane day fas ci ginnaaw boppu kenn ci yéen bu dee nelaw ñatti fas, genn fas-fas gu nekk day waral ci yaw guddi gu gudd, mu naan nelawal, bu yeewoo daal di tudd Yàlla genn fas-fas fecceeku, bu jàppoo geneen fas-fas fecceeku, bu jullee geneen fas-fas fecceeku, mu mujj nekk ku sawar, ku teey bakkan, bu dul loolu day nekk ku bon bakkan di ku tàyyeel".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare mbiri saytaane ak ni muy xeexe ak nit ki bëgg a taxaw guddi ngir julli guddi walla Fajar. Aji-gëm ji bu demee jëm ca nelaw ya saytaane day fas ci ginnaaw boppam ba -maanaam: ginnaaw catu bopp ba- ñatti fas-fas. Bu aji-gëm ji yewwoo daal di tudd Yàlla mu kawe mi te nangulul jax-jaxi Saytaane yi; genn fas-fas fecceeku. Bu jàppoo geneen fecceeku. Bu jugee daal di julli fas-fasu ñatteel bi fecceeku, mu xëy di ku sawar di ku teey bakkan; ngir ag bégam ci li ko Yàlla tawfeexal ci mu jaamu ko, di bége li ko Yàlla dig ci ab yool ak njéggal, ak fas-fasi Saytaane yi ak tàyyeelam gi deñ ci moom, bu dul loolu rekk day xëy di ku bon bakkan, di ku jàq ab xol, di ku tàyyeel ci def aw yiw ak lu baax; ndaxte moom dees ko a jéng ci jéngi Saytaane, muy ku ñu soreele wolif jege Aji-Yërëmaakoon ji.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3731